# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–18 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु येह बरिस क पहिला विधानमण्डल सत्र बदे बोलावल गइल दुन्नो सदन क संयुक्त अधिवेसन के सम्बोधित कइलिनि। अपने सम्बोधन में उहां के प्रदेस सरकार के ओरि से प्रयागराज में करावल जा रहल दिव्य–भव्य महाकुंभ क उल्लेख कइलीं अउर महाकुंभ के एक भारत श्रेष्ठ भारत क अवधारणा के साकार करे वाला बतवलिनि। राज्यपाल कहलिनि कि महाकुंभ स्वच्छता, सुरक्षा अउर सुव्यवस्था क नया मानक गढ़ले हौ। राज्यपाल मौनी अमौसा पर महाकुंभ नगर में भइल दुरघटना पर दुख जतावत ओहमें कालकवलित भइल लोगिन के सरधांजलि दिहलिनि। ओहर, राज्यपाल क अभिभासण के दौरान समाजवादी पारटी अउर कांग्रेस क विधायक लगतारे नारेबाजी करत रहलें। बिपक्षी दलन क हंगामा के बिच्चे राज्यपाल आपन अभिभासण जारी रखलिनि। राज्यपाल के अभिभासण के बाद सदन के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि प्रदेस क कई गो बोली, भोजपुरी, अवधी, ब्रज अउर बुन्देलखण्डी के सदन में सम्मान मिलि रहल हौ। ई सज्जो बोली हिन्दी क बेटी हइनि।

***उत्तर प्रदेश की विभिन्न बोलियों को भोजपुरी, अवधी, ब्रज और बुन्देलखण्डी को इस सदन में सम्मान मिल रहा है और हमारी सरकार को इन सब के लिए एकेडमी का भी गठन अलग अलग एकेडमी के गठन की कार्यवाही को भी आगे बढ़ा रही है। ये सभी हिन्दी की उप भाषाये है, यानी हिन्दी की बेटिया हैं।***

सदन सुरू भइले से पहिले मुख्यमंत्री संवाददाता लोगिन से बतियावत बतवलें कि बिहने राज्यपाल के अभिभासण पर चरचा होई अउर बीस फरौरी के प्रदेस सरकार दुइ हजार पचीस–छब्बीस क बजट प्रस्तुत करी। उहां के कहलीं कि सदन क कार्यवाही सुचारू रूप से पूरा हो ई सज्जो पक्ष के साथे–साथ बिपक्षो क जिम्मेदारी हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में देस–बिदेस के लोगिन की ओरि से पवित्र त्रिवेणी संगम पर आस्था क डुबकी लगवले क सिलसिल चलि रहल हौ। आजु संझा चारि बजे ले मिलल खबरि के मोताबिक निन्यानबे लाख बीस हजार सरधालु पवित्र संगम में नहा चुकल रहलें। केन्द्रीय मंत्री प्रहलाद जोशी अउर राज्यसभा सांसद आ भारतीय जनता पारटी क अन्य पिछड़ा वर्ग मोर्चा क राष्ट्रीय अध्यक्ष डॉक्टर के. लक्ष्मणो आजु महाकुंभ में हिस्सा लिहलें। ओहर, बरिस दुइ हजार सत्ताइस में नासिक क त्रयम्बकेश्वर में होखे वाला कुंभ में बढ़ियां व्यवस्था देवे बदे ओइजा क एगो दल आजु अध्ययन के सिलसिला में प्रयागराज महाकुंभनगर पहुंचल। एगो रिपोर्ट–

***यह दल महाकुम्भ में विभिन्न स्थलों का दौरा करेगा और राज्य सरकार के कार्यों का अवलोकन करेगा। इसमें प्रमुख रूप से भीड़ नियंत्रण, आपातकालीन प्रतिक्रिया, यातायात प्रबंधन, घाट तथा नदी जल प्रबंधन, चिकित्सा व्यवस्था, टेंट सिटी और आवास प्रबंधन का अध्ययन किया जाएगा। उच्च अधिकारी इसके साथ ही कचरा प्रबंधन, पेयजल एवं शौचालय सुविधाएं, अखाड़ों और महंतों के साथ समन्वय समेत प्रोटोकॉल और सुरक्षा व्यवस्था का भी अध्ययन करेंगे। आदर्श के साथ अभिषेक कपिल, आकाशवाणी समाचार प्रयागराज***

अध्ययन दल क अगुआई नासिक क मण्डलायुक्त प्रवीण गेडम कइ रहल हवें।

**********

काशी–तमिल संगमम के तिसरका संस्करण क दुइ सौ सदस्यन क समूह बनारस से प्रयागराज होत आजु अजोध्या पहुंचल। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र न्यास क सदस्य येह प्रतिनिधिमण्डल क स्वागत कइलें। श्रीरामलला क दरसन करवले के साथे–साथ प्रतिनिधिमण्डल के श्रीराम मंदिर क दिव्यता अउर भव्यतो के बारे में बतावल गइल। समूह क सदस्य शिवाजी येह मौका पर कहलें कि प्रधानमंत्री क ई पहल बहुते सराहनीय हौ। एहसे देस क कोना–कोना एक होई अउर एक भारत श्रेष्ठ भारत क सपना साकार हो सकी।

**********

महाकुंभ के बाद अखाड़न क काशी में छावनी प्रवेस सुरू हो गइल हौ। शम्भू पंचदस नाम आवाहन अखाड़ा क छावनी प्रवेस आजु भइल। एहमें भगवान प्रथमेश के अगुआई में संत अउर महंत सामिल भइलें। पांच सौ से जियादे नागा साधुओ येह आयोजन क हिस्सा बनलें।

**********

केन्द्रीय पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत आजु कुशीनगर पहुंचलें। उहां के भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली क दौरा कइलीं अउर मंदिर में भगवान बुद्ध के मुरती पर चीवर चढ़ा के विस्व सांति क कामना कइलीं। केन्द्रीय मंत्री बौद्ध भिक्षुआन से बातोचीत कइलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह अउर स्थानीय जनप्रतिनिधियो मौजूद रहलें। केन्द्रीय मंत्री गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर पहुंचि के दरसन–पूजन भी कइलें।

**********

परीक्षा पे चर्चा दुइ हजार पचीस के अठवां एपिसोड में आजु संघ लोक सेवा आयोग, भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान, संयुक्त पात्रता परीक्षा, केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड अउर भारतीय माध्यमिक शिक्षा प्रमाण पत्र परीक्षा क मेधावी छात्र अपने सफलता क कहानी साझा कइलें।

**********